phenomenon is, first of all, the Karakalpak folk epic of our sacred heritage, which illuminates the great human ideas, which, like the "Avesto" sounded like good intentions, good words, and good deeds. On the other hand, it is a manifestation of tradition and heredity, continuity and continuity in education, as evidenced by the fact that it played a key ideological and aesthetic role in the emergence and formation of educational views in the "Shariyar".

**References**


1. President of Republic of Uzbekistan Sh.Mirziyoyev report for the anniversary of 24 year of Republic of Uzbekistan on 8 December "About the attempt strategies of developing the Republic of Uzbekistan" accepted on 7 January, 201 by the president.
2. Sh.M.Mirziyoyev. The second direction of five important attempt strategies is devoted to this problem and it was stated "Providing the importance of law and reform court-law system"/«Independent Karakalpakstan», 8-December 2016, - P. 148-149 (19923),
3. Karimov I.A. Uzbekiston: national development, economy, politics, ideology. –T.: 1996.
4. Constitution of the Republic of Uzbekistan. –T.: «Uzbekistan», 2003.
5. Kudaybergenova T. Morality law and problems of developing. // «Science and Society. N 3, 2015.
6. Karimov I.A. No future without history. — Tashkent: «East», 1998.
7. Speech of the President I.A.Karimov at the 2700$^{th}$ anniversary of (“Avesto” book / «Independent Karakalpakstan» newspaper, 2001, 6-November, 30.
8. Avesto. — Tashkent: «East», 2000; Bazarbaev B.J., Khojaniyazov U., Bazarbaev R. Ancient Oks and steps of the zardusht religious. - Nukus: «karakalpakstan», 2007; Iskakov I. National explorers’ ancient origins and the first appearance (Zardusht religious and «Avesto»). // «Education of Language and Literature», 1991, N 2. Babev Kh., Doschanov T., Xasanov S., Atlanov Ya. The role of «Avesto» in the religious development of human-being. — Urgench: 2002. «Avesto» myths (for children and teenagers) — Urgench: «Khorazm», 2001; Kerder culture and its historical place (scientific journal). Nukus: «Karakalpakstan», 2001, Volume II; Khusunov O., Karimova Z., Azizov Kh., - Human rights - Nukus: «Education», 1999; Yakubov M., Abaev S. «Avesto» human being values. - Nukus: «Karakalpakstan», 2008.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада педагогиканинг тарихи ва назариясига бағишланган муаммо очиб берилган. Чунончи, мақолада «Авесто» китоби ва «Шариёр» достонидаги мисоллар таҳлили асосида манавий-маърифий тарбия масалалари талқин қилинган. Жумладан, Шариёр достонини нафақат адабий фольклор мероси сифатида тан олиш, балки уни таълим-тарбия жараёнининг катта ва бетимсал қуроли сифатида фойдаланиш масалалари кўриб чиқилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению актуального вопроса истории и теории педагогики. На основе материалов из книги «Авесто» и дастана «Шарьяр» анализируются вопросы духовно-просветительского воспитания. В результате исследования делается важный вывод о том, что книга «Авесто» и дастан «Шарьяр» является не только ценным литературным достоянием народного фольклора, но и эффективным, могучим средством воспитания.

**SUMMARY**

The article is devoted to the description uf the content of such parts as «Yasna», «Vandidat», "Yashta», «Visparadi», "Vendidot» of the holy book Avesto that teaches people to differ good from bad arid to protect their rights. There have been analysed such notions as morality, good and evil, rights. Violation of rights, civilian rights, family rights and law education. The author enemies to the conclusion that «Avesto» is not only of a national but of general human value as well.


## ӘЖИНИЯЗ ҚОСЫБАЙ УЛЫ ЖАСЛАР ТӘРБИЯСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДА


**Ө.Әлеўов –** *педагогика илимлериниң докторы, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**Ж.К.Таспанова –** *ассистент оқытыўшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** суфизм, тасаввуф, жамият, халқ, Худо, мусулмон, олам, ишонч.
**Ключевые слова:** суфизм, мистика, обучение, общество, люди, Бог, мусульманин, мир, доверие.
**Key words:** sufism, mysticism, education, society, people, God, Muslim, peace, trust.


Суфизмге сүйенген Әжинияздың адамгершилик қатнасларына терең дыққат пенен қарағанлығы, оның түрли миллет ҳәм диний исенимдеги халықларға тең ҳуқықлылық нәзери менен барабар мүнәсибетте болғанлығынан да байқалады. Шайыр суфизм тәлийматы ушын тек мусылман дининдеги бенделер ғана емес, ал қандай динге исеним билдириўине қарамастан, пүткил инсанийат әўлады қәдирли деп түсинип, диндеги толерантлық машқалаларды да көтерип шықты. Оның «Дилдарым» қосығында өз дәўириндеги басқа еллердиң де жәмийетлик аўҳалын таллай отырып: «Мусылман, орысқа жәбир болып тур» [4:15] - деп жазыўы буның айқын дәлили еди. Ойшыл пүткил адамзаттың абадан турмыста жасаўына умтылып, олардың жеткиликли, молшылық турмыста өмир сүриўи ушын тәрептар болыўы ҳәр бир мөҳмин инсан ушын ўазыйпа деп түсинди. Әжинияз диний бөлиниў ҳәм айырмашылықларға қарамастан, русларды да өз халқына уқсаған адамлар, олардағы пуқаралар ушын да жәмийетлик-турмыс аңсат болып турған, - жоқ деген адамгершиликли сезимлерин билдирди.

Шайырдың пикиринше, диний ҳәм миллий айырмашылықлар халықлардың, бир-бирине жақынласып, досласыўына кесент бермейди. Усы түсинигинен келип шығып «Демишлер» шығармасында Иса пайғамбары ҳәм оның анасы Бийби Марийам, сондай-ақ «Инжил» китабы ҳәм яҳудийлар миллети туўралы ҳүрмет көрсетилген пикирлер айтып, халық диний исеними тәрепинен ҳәр қыйлы болса да, олардың барлығы қудай тәрепинен жаратылған, инсан сыпатында бир тийкардағы келип шығыў дерегине ийе деп ескертеди. Буны «Ҳаслымыз бир инсаният демишлер» [5] деп жазып, диний айырмашылық бир теклес адамлар арасында унамсыз түсиниклерди туўдырмаўы лазымлығын ортаға қойды.

Өтмиштеги уллы шайхлар: қумырсқаға да азар берме, ғайры дин болса да рәҳим ет,- деп үйреткен. Адам ким болыўына ҳәм қандай динге исеним билдириўине қарамастан зулымлық пенен шуғылланса, инсанларға душпанлық қылса, бундайлар инсан емес. Сол ушын шайыр «Болмаса» атлы қосығында ел ҳүкимдары патшаға мүрәжат етип, олардың пуқара халыққа әсиресе, суфизм тәлийматына сүйенген халыққа адамгершилик пенен мүнәсибетте болыўын талап етти. Егер патша әдалатсыз, зулым болса:

Моллалар хун чекип хатларын язар,
Бойнында фотасы, дәрўиш ел гезер,
Баш-башына болып пуқара тозар,
Ҳәр йўртның патшасы әдил болмаса [4:85].

Патшалардың диктаторлық усылда әдалатсыз ел басқарыўы тек пуқара халық ушын ғана емес, ал суфизимлық тәлийматына пидәкер улама диндарлар ушын да қудайдың жолында дийўана болып, ел гезип жүрген дәрўишлер ушын да қыйналыўшылық алып келетуғынын баянлады. Буған төзбеген моллалардың китаптан шәрият қағыйдаларын излегенлигин, патшаның наҳақ ислери суфизм жолына түскен диндарлар ушын да ҳүждан азабын шегиўине алып келгенлигин, оларға да

ансат болмай турғанлығын ескертти. Айырым патшалардың тек пуқара халыққа емес [6:73], ал, суфизм жолына берилген диндарларға да жаны ашымағанлығын сынға алды.

Ойшылдың «Демишлер» қосығы мазмунында берилген логикаға қарағанда суўпылық-бул қудайға ашық болыў, қудайға барлық ҳүжданы менен өзин бағышлаў жәрдеминде оған ерисиўге алып баратуғын жолды- тарийқатты таңлаў. Бул тәлиймат қудайды көкирек сезими, кеўилдиң ўәлийлиги, ишки руўхый кеширмелер жәрдеминде сезип түсиниў ҳәм ашық болыў. Сол ушын суфылық тәлийматы, қудайға ашықлық барып-барып түсиникли болатуғын, көкирекке аян беретуғын илим, ал туўрыдын-туўры көретуғын, байқайтуғын, тыңлап түсинетуғын қубылыс емес. Неге дегенде «қудайға қас илми ғайып» [4:98].

Жақсы көриў, ашық болыў суфизмде жаратқан қудайдың дийдарына, ҳүсни-жамалына болған қумарлылық ҳәм ҳәўес етиў. Бул инсанға илаҳийдан берилген сезим есапланып, қудайға, усының менен бирге, қудайдың жараткан бенделери- инсанға ашықлық ҳәрбир руўх ийесине, жеке адамға тән қубылыс.

Әжинияз дөретпелери мазмунында ашықлық яки кимдидур жақсы көриў еки түрли мәнисте түсиниледи. Буның биринshiси, дуньядағы ең бәлент теңитайы жоқ гөззал объект аллаталаға, оның дийдарын көрип, арш нурына бөленип, алла менен мәңгилик гөззаллық мәканына-бейиште жасаўға ашық болыў. Усы мақсетте орийфликке-қудайды илим арқалы билип, таныўға ҳәм оның менен бирге жасаўға умтылыў. Әжинияз буған ерискен орийфлерди көп көрди. «Еллерим барды» қосығында өз елиндеги усындай орийфлик тәлийматларды терең ийелеп, қудай менен дийдар көрисиўге миясар болған кәмил инсанлар ҳаққында сөз еткен еди.

Екиншиси, реал турмыстағы адамларға тән болған, жигиттиң қызға, қыздың жигитке ашық болыўы, яғный, қудай жаратқан адамлардың жақсы сыпатларына, унамлы пазыйлетлерине, сулыўлығына ашық болыў, усы арқалы дүньяның гөззаллығын түсиниў. Бул қубылысларда да қудайға ашық болыў сезимлери менен байланыслы элементлер орын алған. Түп тийкарында екеўи де қудайға ашық болыўға барып тиреледи. Себеби, адамлардың бир –бирине ашық болып, өз ара жақсы көрип, сүйиспеншилик пенен қараўының өзинде үлкен адамгершилик, меҳир-муҳаббат, кийели сезимлер, қудайға ашық болыў нышанлары бар. Суфизмниң жолына түскен инсан қудайға қандай сезим менен ашық болса, инсанға инсан да усындай дәрежедеги сезимлер менен ашық болыўы орын алады. Неге дегенде, инсан қудайдың жаратқан заты, инсанның руўхында қудайдың руўхы бар, сол ушын жигиттиң қызға, яки қыздың жигитке ашық болып жақсы көриўи бул руўхлардың бирин-бири түсинисиўи, табысыўы. Инсанлар арасындағы ашықлыққа қудайдың руўхы араласқанлығы себепли: «Ашық - машуқ ушын жаныдын кешәр, Мудам ышқы отына өртәнип пишәр» [7:80].

Шайыр адамның ашық болыўындағы руўхый сезимлерди, инсанның өзине миясар құдиретлилиги менен тығыз байланыслы деп түсинеди. Усы жақсы көриў сезими суфылық жолына түскен гезде жүз бериўши қудайға ашық болыў менен байланыслы болғанлықтан, буның мәлим бир үлеслери адамның адамға (жигиттиң қызға яки қыздың жигитке) ашықлығы барысында да ҳәрекетке түседи деп қабыллаған шайыр: «Ышқы отына түскен жигит мәрт болар» [7:28]- деп, ашықлық инсандағы жақсы сезимлерди, жигер, йошты, әсиресе, руўхты жанландыратуғынын баянлап, бул адамдағы күтилмеген күшлерди жүзеге келтиретуғынын, қудайға ашықлық пенен қыз- жигиттиң бир-бирине ашық болыўындағы сезимлер өз ара уқсас, бирин-бири толықтырыўшы сезимлер деп қабыллады. Усы себепли шайыр инсанлардың өз ара ашықлығы үлкен қудиретке ийе деп түсинип, өз дөретпелеринде жигит- қыз арасындағы ышқы-муҳаббатты ҳәўижине келтирип жырлаған еди. Оның инсан сулыўлығын, әсиресе, «сейил етип бейиштен шыққан» [7:16] ҳаял-қызлар гөззаллығын айрықша баянлаўы қудайға ашықлықты тәриплеўши суфизм тәлийматының тәсиринде келип шыққанлығы айқын сезилип турады.

Шынында да, қудай жаратылыстағы адамларға, жанлы-жансыз бәрше нәрселерге қайырқом ҳәм мийрим-шәпәәт пенен қарайды. Бул оның алла сыпатындағы сапалары. Усылай екен, инсанлар қудайға жақынласыўы, оның менен араласыўы ушын усы қудайға тән болған сапалар, жақсы пазыйлетлер менен өзлериниң жүрис-турысын, қулқын толықтырып, жақсылаўы лазым. Себеби, қудайды жақсы көриў ҳәм оған ерисиў оның унамлы сыпатларын өзлестирип, өзине қабыллаўдан ҳәм жүрис-турысында буларды қәлиплестирип барыўдан басланады. Суфизм тәлийматының үйретиўинше руўх ғайыптан адам қәлбине келип қуйылатуғын күш- қуўат, йош. Руўх инсанды үзликсиз түрде кәмилликке жетеклейди, ақылын раўажландырып, инсанлық пазыйлетлер бағышлайды, нәзик, гөззал етеди. Инсанның құдиретлилиги руўхтың бәлентлилигинен. Оның инсанлық дәрежеси руўхтың раўажланыў дәрежеси менен белгиленип, адамдағы руўхый жетискенлик адамгершилик сезими пәс адамлардан үстин болыўға алып келеди.

Шайырдың пикиринше, барлық ислеримди қудай бақлап турыпты, қәтешиликке жол қоймайын деп, қудайдан қорқып жасаўшы мөҳмин адамлардың қәтешилиги кем болады. Базда билмей қалып намақул ислерди ислеп қойса, дәрҳал қудайды ядына түсирип, қәтесин тән алып, өкинишке түсип тәўбе қылады. Басқа бундай ислерди тәкирарламаслыққа ант ишеди. Қәтешиликти тән алыў ҳәм оған пушайман қылыў суфизмде баслы пазыйлет. Адам надурыс ис етип, ҳәсийлик көрсетсе тәўбе қылыўы керек. Тәўбе- инсанның өз гүнасын мойынлап изге қайтыўы, шегиниўи, ислеген гүналарына өкиниўи. Бул адамның өзин-өзи қайта тәрбиялаўға бейимлескенлиги. Кимде-ким тәўбе қылыўға умтылса өзин қайта тәрбиялаўға кирискени есапланады ҳәм жаманлық иллетлерин жоқ етиў ушын үлкен күшке, руўхқа ийе болады. Тәўбе оғада тәсиршең тәрбиялық сезим, бунда адамгершиликти саналы түсиниў, жақсылыққа умтылыў биргеликте ҳәрекет етеди. Сол ушын шайыр жоқарыда келтирип өткенимиздей, «Тәўбе қылып тасаддық қыл барыңды» [3:134]- деген еди.

Шайырдың: «Ғам йемә», «Қал имди», «Нағметулланың атасы Әжиниязға айтқаны» т.б. қосықларында тәриплеўинше, адамлардағы руўхый түскинликке бериліў оғада зыянлы қубылыс болып, оны қыйын аўҳалға салып қояды. Руўхый түскинлик адамларда тек унамсыз, жаман ислерди ғана көриўге бейимлестиреди. Келешектен үмитин азайтып, тиришилик ушын гүреске умтылдырмай қояды. Қудайдың жарылқаўына ерисиў ушын барқулла ҳәрекет етип жасап атырғанларға үмитсизлик сезимлери дарымайды. Бундай адамлар үлкен руўхый қуўатқа ийе, бул жигер олардағы барлық қыйыншылықларды аңсатластырады. Ойшыл, инсан қуданың барлық ислерине қайыл болып, оның жазмышларына разышылықта жасаўы, усының менен бирге өзине берилген ерк, ықтыяр жәрдеминде өзин жақсы жүрис-турыста тутып, ҳақтың жолына қайыр-сақаўатлы ислер ислеўи тийис деген пикирлерди бәрқулла кеўлинде тутты. «Нәсият» атлы қосығында: «Бенделикке мәккам бағла белиңни, Пәрҳизкерлик пенен өткер күниңди» - [3:137] деп жазып, қудайдың не ислеймен десе бәрше исине қайыл болып, оның унамлы нәзерине түсиўге ерисиў зәрүрлигин, бул ушын адам өзин ҳәр тәреплеме мөҳмин-мусылман сыпатында таяр-

лықлы алып жүриўи лазымлығын ескертти. Усы арқалы шайыр жәмийеттеги инсанлар мүнәсибетин жақсы пазыйлетлерге бай етиў ислерин де әмелге асырып отырды.

Әжинияз хәр бир нәрсениң басы хәм ақыры, себеби хәм нәтийжеси болатуғынын нәзерде тута отырып, инсанларға жасаў ушын берилген тиришилик өмирдиң хәм болмыстағы барлық жанлы, жансыз затлардың жаратылыўының басы болғанындай, оның ақыры да бар екенлигин, тиришилик турмыс өз шегине жетип, заман өз ақырына келип тирелетуғынын тән алды.

Суфизм тәлийматының үйретиўинше, дүньяны жаратқан-қудай. Қудай тәбийий дүнья, жаратылыс үстинен хүкимдарлық қылады. Себеби: аспаныўзәмийиндеги бәрше нәрселер алланыки («Ибраҳим» сүреси, 2-аят).Усы жаратылыс нызамына бола, жер бетинде ақырзаман жүз береди. Ақырзаман-ақырғы күн, дүньяның тамам болатуғын соңы. Жердеги тиришиликтиң жоқ болып, ақырғы күнниң келетуғын мәўрити.

Шайыр ақырзаман жөниндеги түсиниклерин толығырақ баянлаў мақсетинде қудайдың баслы төрт периштеси ҳаққында мағлыўматлар берип, периштелердиң инсаннан парық қылатуғынын, олардың өз ықтыярлары жоқлығын, қудай не буйырса соны ислейтуғынын («Нахл» сүреси, 50-аят.), усындай периштелердиң бири Исрапыл екенлигин айтады. Бул период қудайдың буйрығы менен ақырзаман күни бәлент даўысқа ийе кәрнай шалыўы тийис. Усы кәрнай даўысынан жердиң бетинде күшли даўыл, дүбелей пайда болып, нәтийжеде уллы қозғалыс жүз берип, дүнья жүзи астан-кестен болып, қуяштың нуры сөнип, өз орнынан қозғалады. Нурын жойткан жулдызлар да хәр тәрепке шашылып кетеди. Үлкен таўлар хәўада ушып жүреди. Теңиз дәрьялар тасып, бир-бирине қосылып кетеди. Аспан өз қәддин өзгертип, тәртипсиз бир нәрселерге айналады. Өлген адамларға қайтадан жан кирип, орнынан турыўы, сораўға тутылып, гүналы хәм саўаплы ислериниң тәрезиге салынып, өлшениўи хәм оларды дозаққа яки жәннетке атландырып, бейиш дәрўазасы алдында Мункар, ал, дозақ дәрўазасы алдында Накир күтип алатуғын күн. Усы жағдайларды жақсы аңлаған Әжинияз «Болмаса» атлы қосығында:

«Ақыр бир күн болур, ақыр заманы,
Исрапыл сүргини йықарлар дағны» - [4:86]

деп жазған еди.

Суфылар аспан әлеми дүзилиси менен сондай-ақ, адамлардың өзине тән руўхый айырмашылығы хәм инсанның қудай жаратқан ең уллы зат екенлиги менен қызықсынып, дүнья, жаратылыс, жеке инсан мүнәсибетлери, жетилискен кәмил инсанды қәлиплестириў мазмуны менен бәнт болған. Олардың нәзеринде, инсанлар тәрепинен жүз берген илаҳий ашылыўлар хәм караматлы ислер баслы орайда турып, тиришилик турмыстағы адамның руўхый- психологиялық қубылыслары, әсиресе, ишки пәклиги, жақсы пазыйлетлерге ийе болып, илаҳийда бир мәртебе гезлесетуғын инсан сыпатында өмир сүриўи баслы орын ийеледи.

Шайыр суфизм тәлийматына сүйенген дүньяға түсиниги негизинде өз дәўириндеги жәмийетлик теңсизликке, халықты әдалатсызлық пенен басқарыў ислерине, бир елди екинши бир елдиң басқыншылық пенен жаўлап алыўына қарсы шығып, бундай хәрекетлерди («Бозатаў», «Аналар») кескин қаралады. Әжинияздың ойлаўынша, қудай адамды ақыллы, бәркамал дәрежеде хәм жаратылыстағы көп ғана нәрселерге таяр, сондай-ақ тәбият сырларын билиўге уқыплы етип жаратқан. Жоқары мәртебеге ийе дәрежеде жаратылған инсанның ақылсыз, зулым болып шығыўы дурыс емес. Қудай оны ақылы менен ис алып барыўы уқыбына ийе еткен. Усыларды нәзерде тутып шайыр, дүньяда хешбир инсан өзин жоқары тутып, тәкаббырлық пенен өзге адамларға қәхәрин жайып, оларды өзине бойсындырып, буйрығына көндириўге, айтқанларынан қайтарыўға, өзи қәлемеген ислер ушын мәжбүр етиўге хақысы жоқ [7:16]. Бундай адамлар қудайға хәсий болып, жер бетинде жаманлық, зулымлық ислеўге үлес қосқан болады. Усы себепли, Әжинияз «Енди» хәм «Бозатаў» қосықларында жәмийетлик әдалатсызлықларға, патшалар менен бийлердиң әдалатсыз ис-хәрекетлерине қарсы шыққан еди. Бәрше инсанлардың қудай алдындағы теңлиги, инсанлық ҳақхуқықларының биреўге пәс, биреўге жоқары дәрежеде емес, ал бирдей екенлиги, кәмбағал, ғәрип-қәсерлер менен жетим-жесирлерге адамгершилик мүнәсибетте болыў лазымлығы сыяқлы, демократиялық хәм адамгершилик мазмундағы машқалаларды көтерип шықты («Бәрше бирдей болған емес»).

Усылай етип, суфизм тәлийматы тәсиринде халық арасындағы жарлы қатламдағы адамлар, жәбир-ситем көрип жасап атырған пуқаралар өзлериниң жәмийетлик тийкарларын беккемлеў хәрекетлерине ерисе баслады. Неге дегенде, суфизм тәлийматы дийқанлар менен шарўаларға, өнерментлер менен тәлиби-илим адамларына, улама зыялылардың турмыслық түсиниклерине, олардың алдыларына қойған мақсетлерине жақын еди. Әсиресе, бул қатлам адамларының кеўиллеринде орын алған жәмийетлик хәм сиясий мәплерди сөз етип, елдеги байлар менен хәмелдарлардың кәмбағалларға мүнәсибеттеги әдалатсыз ислерине, зулымлық хәрекетлерине қарсы наразылықларын баянлады. Олардың жарлы адамларға сыйласықлы мүнәсибетте болыўын, жәрдем көрсетиўин талап етти. Шайыр «Не билсин» атлы қосығында «Байларға ярашар қайыр- сақаўат» [4:95]- деп түсиндирип, мүлкдар, бай адамлардың өзине тән өзгешеликлериниң бир тәрепинде адамгершилик, сақыйлық турыўшылығын, гедей, жарлы-жақыбайларға ғамхорлық көрсетиўине, өз байлығынан хәр қыйлы себеплер таўып, гедей адамларға үлестирип, турыўына пикирлер билдирди.

Шайыр инсанлардың барқулла қайыр-сақаўатлы, мийрим-шәпәәтли болыўын, бул қәсийетлер қудайға тән пазыйлетлер екенлигин, усы сапаларды хәр бир адам өзинде қәлиплестирип, жәмәәтте «мөминни күўантып, кеўлин шад етип» [4:135] жасаўы лазымлығын айтты. Әсиресе, мүмкиншилиги бар хәр бир инсан гедей қатламдағы адамларға жәрдем етип, олардың аўырын жеңиллестириўи, қайырқомлық ислеўи дәркар. «Хәр кимниң сақаўат-қайыры болмаса» [4:86], жер бетинде жаман ислер хәўиж алып кетеди. Жақсылық хәм саўаплы ислер арқалы жаманлықтың алды алынады деп түсиндирип, адамлардың бир-бирине мүнәсибетлериниң адамгершилик тийкарында болыўын, бул ислердиң пүткил дүньяның жақсыланыўына тәсири тийетуғынына исеним менен қарады.

Әжинияз жәмийетлик- турмыстағы зулымлық хәм әдилсизликлердиң келип шығыў дереги жөнинде көп ойланды. Бир қатлам адамларын (езиўши) екинши қатлам адамларына (езилиўши) қарсы гүреске шақырыў зулымлыққа карсы зулымлықты қолланыў екенлигин билди. Бир классты зорлық пенен хүкимдарлықтан шетлеттирген екинши класс, өзи қәлесин-қәлемесин яки өзи түсинсин–түсинбесин қарсыласлары ушын зулым адамларға (классқа) айналады. Бул хәрекетлер жәмийетлик топарлардың нәпси жолындағы таласыўы болғанлықтан, буның тийкарында ҳақыйқый мәнистеги жәмийетлик әдалат идеясы көринбей қалады. Яғный, ким зор болса сол жасайды деген феодаллық қағыйдаға әмел қылыў еди. Суфизм философиясына сүйенген Әжинияз, бул қағыйданы ғайры инсаный хәрекет деп есаплады. Себеби, бул жағдай зорлық үстине зорлықты, зулымлық үстине зулымлықты туўғызып, адамлардағы өш алыў, қызғаншақлық, бақыллық сыяқлы унамсыз

сезимлерге түртки береди. Нәтийжеде, ҳақыйқый адамгершилик сезимлери сөне баслайды, инсанның қудайға умтылыўы, кәмилликке ерисиўи пәсейеди.Усыларды нәзерде тутқан Әжинияз «Дилдарым», «Демишлер» т.б. қосықларында улыўма халықлық бирге жасаўды қуўатлап, жекке бөлиниў ҳәрекетлерине қарсылық сездирген еди.

Булардан тысқары, шайыр көп ғана қосықларында дүнья-мал адамлардағы жақсылық ислер менен жаманлық ҳәрекетлерине себеп болыўы мүмкин. Байлыққа ерискен адам өз байлығын дурыс иске сарплаўы зәрүр. Дүнья-малдың көплиги гейде сабыр-парасаты кем адамларды жолдан аздырады. Инсан байлығы артқан гезде, гейде ҳәддинен асып, намақул ислерди ислеўи, байлыққа мәсирип ақыл ҳәм әдалат шегарасын умытып қойыўы мүмкин. Байлардың артықша көкирек көтерип, әдалатсыз ислерди ислеўи камбағалларға унамсыз тәсирин тийгизеди. Нәтийжеде, байларды жек көриў, жекке бөлиниў жүз бериўи итимал. Әжинияз усыларды нәзерде тутып «Болады», «Өтерсең» «Әрманый дүнья» т.б. қосықларында бундай қубылысларға мүмкин болғанынша жол коймаў керек деген қағыйдаларды көтерип шықты ҳәм ел басшыларының халық арасында жекке бөлиниўдиң алдын алып, елди әдалатлы басқарыў зәрүрлигин тәрипледи.

Ойшылдың ҳүкимдарлар менен бай, бийлерге қойған демократиялық талаплары, нәпсиқаў руўханийлерге сын көз бенен қараў, базыбир суфылардың суфизм тәлийматына тийисли қағыйда бойынша ис алып бармай, оны жеке мақсетине бурмалап қолланыўларын ашықтан-ашық әшкаралаў ислери дыққатқа миясар еди. Айырым диндарлардың динге ислеген қылаплығына шыдамаған Әжинияз: «Өзини суфы тутар, ҳарамы ишип-жеп бағзысы» [4:69]- деп айтты. Суфылық жолына кирген ҳәрбир инсан суфизм талапларын толық орынлаўы лазымлығын, бунысыз қудай дийдарына ерисиўди тәме кылыў надурыслығын ескертти.

Шайыр гейпара дин ийелериниң ислам талабына сай келмейтуғын унамсыз қылықларды көрсетип жүргенлигине наразы болғанлығын «Өтерсен» қосығында және де жетилистирип баянлады. «Кәпирдиң кәпири болған моллалар, Тилиниң ушынан өтирик аллалар» [4:57]- деп, диндар адамлардың гейпараларының жүрис-турысындағы динге исленген қылаплықларды ашып берди. Бул сыяқлы ҳәрекетлер диний уламалар ушын тән емес, диншиллердиң унамсыз қылықлары халықтың наразылығын, дин әҳлине ҳүрметсизлигин пайда етеди, олардың динди өзлерине бетперде етип, дин аты менен сөз жүргизиўи үлкен айып екенлигин ескертти.

Әжинияз айырым диндарлар менен мөмин мусылманларға қарата бул дүнья қызығына беккем исенип қалып, о дүньяның бар екенлигин умытып қойма, бул дүнья ялғаншы дүнья, алдамшы орынлары көп. Сол ушын, қайыр-сақаўатлы ислер менен шуғыллан, о дүньяда саған пайдасы тийетуғыны, тиришилик өмириңде ийман топлаўға ерисиў ушын ислеген жақсы ҳәрекетлерин деген ойларын «Болмас» атлы қосығында:

Келҳә көңлум бул дүньяға беганмә,
Ялғаншының бир дәм пурсаты болмас.
Ақыл болсаң акыбетин ғам әйлә,
Иймандын ғайрының пайдасы болмас. [3:131]-

деп жазып, адамның ақ-қарасын айырыў ушын берилетуғын ол дүньядағы сораў-жуўаптан қыйыншылық көрмей өтиў исинде оны қылған қайыр-сақаўатлы, адамгершиликли ислери ғана аман сақлап, дозақ азабынан құтқарып қалады деп түсиндирип, ҳәрбир инсан тиришилик өмиринде бенделиктиң усы тәреплерине серли болыўы кереклигин ескертти. Усы түсиниклеринен келип шығып данышпан, бул дүньяның қызығына пүткиллей берилип, о дүньясын ойламай қойған инсанлардың дыққатына, бул сыяқлы бир тәреплеме өмир сүриўден сақ болыўды ескертти. Ялғаншы дүньяны жаным ушын рәҳәт, бағы-бостан, деп есаплап, өзге бенделер тиришилигине кесент берип, зыянлы ислер менен гүнаға батыўды, қудайдың белгилеп қойған тәртибин орынламай кетиўшиликти инсанның өзи ушын қәтешиликке жол ашыўы, о дүньясы ушын унамсыз таярлықлар көриўшилиги деп баҳалады. Ләҳәтке кирсең екки мәлек,

Сеннен саўал сорап билмек,
Жуўабын берсең жекме –жек
Айшы –ҳәширет көре йүрсең [4:141]

Усы еки мәлек сораўларынан иркилмей, сүринбей өтпесең қыйын болатуғынын, сол ушын бул дүньяда мусылманшылыққа тийисли қағыйдаларды орынлап, бендеге парыз болған тәртиплерди сақлап жасаў кереклигин, сонда инсанның о дүньясы, ақырети абат болатуғынын, егер еки мәлектиң сораўларына талапқа сай жуўап бере алмасаң:

Көрерсең гөрниң азабын,
Шекип жүз мың әлем дағын

Азапларын көре йүрсең [1:141] – деп, үлкен ескертиў берди. Сол ушын ғапыл қалма, адамшылықтың барлық тәртип- қағыйдаларына әмел қылып жаса, сонда о дүнья ҳәм бул дүньяда жақсылыққа миясар боласаң деп түсиндирди.

Әжинияз тийкар етип сүйенген суфизм тәлийматы философиялық ой-пикирлердиң мазмунлы раўажланыўын тәмийинлеўши, адамзат мәпи ушын сай келетуғын дүньялық ҳәм жәмийетлик пикирлер менен ҳуқықый машқалаларды жийи қозғады. Усы мақсетте шайыр, адамлар кеўлинде улыўма инсанлық қәдириятларды, руўхый бәлентлиликти, жаратылыс ҳәм инсанды сүйиўге болған сезимлерди ен жайдырыў ушын өз дөретпелерин қурал сыпатында кең пайдаланды. Әсиресе, адамлардың руўхый дүньясын байытып, кеңейтиўши илим-билимди, көркем-өнер түрлерин, әдебият ҳәм музыканың улыўма адамшылық ҳәм еркин пикирлилик, тең ҳуқықлылық идеяларында дөретилиўине тәрептар болды.

Шайырдың түсинигинше суфылық тәлиймат инсаниятты руўхый турмыстың улыўма халықлық ағымына алып кирип, оларды келешекти дурыс бағдарлаған идеялардан нәр алып өмир сүриўге, прогресске умтылыўғаеристиреди. Көпшилик дин ўәкиллериниң талап етиўи нәтийжесинде суффизм рәсмийлестирилген (ныזамластырылған) диний қатып қалыўшылыққа қуран ҳәм шәрият қағыйдаларын реаль жағдайды есапқа алмастан, қолланыўшы догмалық руўханыйлердиң ислерине шек қойды [8:59]. Әжинияз: «Демишлер», «Көриң» т.б. қосықларында суфизм тәлийматының усы оппозициялық тәреплерин, ондағы демократиялық талаплар менен руўхый камалатқа, орийфликке, марифатқа умтылыўларды, адамгершиликке, халық ушын хызмет етиўге шақырыў бойынша көтерип шыққан мәселелерин айрықша нәзерде аўдарды.

Әжинияз суфизм тәлийматы-илми ҳол мазмунына тийисли тәртиплер менен қағыйдаларды, әмелий ислерди халықтың турмыс шараятына бейимлестирип пайдаланыў тәрептары болды. Оны шеберлик пенен рәсмий ислам дини ҳәм шәрият қағыйдаларына қарама-қарсы келмейтуғын дәрежеде бир пүтинликте бирлестириў жағдайына умтылды. Әсиресе, суффизм тәлийматын халықтың руўхый турмысының раўажланыўын тәмийнлеўши дерек сыпатында ҳәм елдиң абадан турмысқа ерисиў мақсетин белсендилик пенен ҳәрекетке түсириўши жәмийетлик–сиясий күш сыпатында баҳалады.

Суфизм тәлийматы ислам дүньясында ғана әҳмийетли болып қалмастан, ал пүткил инсаниятның тарийхый-мәдений, әсиресе, руўхый раўажланыўына, цивилизацияның гүлленип, өркенлеўине үлкен тәсир

тийгизди. Халық арасында билим, илимди, ағартыў ислерин ен жайдырды, адамгершилик сезим ҳәм түсиниклердиң мазмунын тереңлестирди. Халықтың руўхый ойлаўы, турмыс тәризи, тәлим-тәрбиясы, үрп-әдет дәстүрлерине жанлы тәсир көрсетип, мазмунласып барыўына еристирди. Халықтың өзин-өзи аңлаўына, жәмийетлик турмысын, жасаў тәризин унамлы тәртипке салыўына пайдалы хызметлер иследи. Шынында да, суфизм тәлийматының тийкарғы идеясы диний ҳәм улыўма адамзатлық қәдириятлардан нәр алып, оларға әмелий илаж ислеў, инсаниятттың кәмил инсан сыпатында толық бахытқа ерисиўин, ҳақыйқый адамгершиликти ийелеўин жүзеге асырыў есапланатуғын еди. Әжинияз суфизмдеги усы талап ҳәм көрсетпелерди дүньяға көзқарасына өзек етип алғанлығы себепли, қарақалпақ халқының уллы ойшыл, данышпаны, шайыры дәрежесине көтерилди ҳәм суфизм тәлийматына дөретиўшилик пенен қатнаста болып, оны және де раўажландырыўға еристи.

**Әдебиятлар**


1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: ҚҚМБ. 1960, 180-б.
2. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1965, 295-б.
3. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис:. «Қарақалпақстан», 1975, 252-б.
4. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988, 152-б.
5. Әжинияз. Демишлер. / "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 9-октябрь.
6. Г.Ө.Әлеўова. Әжинияздың сиясий-ҳуқықый көз-қарасларында хан ҳәм бийлер мәселеси. // Вестник Каракалпакского государственного университета. 2014. № 2. 73-79-б.
7. Г.Ө.Әлеўова. Әжинияз инсан ҳәм инсан ҳуқықлары ҳаққында. // Вестник Каракалпакского государственного университета. –Нөкис: 2014, № 3, 61-63-б.
8. Г.Ө.Әлеўова. Әжинияз шәрият ҳуқықы ҳәм қазылар ҳаққында. // Вестник Караклпакского государственного университета. –Нөкис: 2014, № 4, 59-63-б.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада тасаввуфнинг диний йўналиши, хусусан, тасаввуф таълимоти бутун инсониятнинг тарихий ва маданий, асосан маънавий тараққиётига, цивилизация равнақига катта таъсир кўрсатиши ҳақида сўз юритилган. Тасаввуф таълимоти дунёни яратган Худо эканлигини таъкидлайди.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассказывается о религиозном направлении суфизма. Главным образом учение суфизма оказывает большое влияние на историко-культурное и духовное развитие всего человечества, на процветание цивилизации. Направление тасаввуф подчёркивает, что именно Бог создал мир.

**SUMMARY**

The article tells about the religious direction of Sufism. Mainly the teaching of Sufism has a great influence on the historical and cultural, mainly spiritual development of all mankind, on the prosperity of civilization. The derection tasawwuf emphasizes that it was God who created the world.


## ЎҚИТУВЧИ КАСБИЙ КОМПЕТЕНТЛИГИНИ РИВОЖЛАНТИРИШДА ИННОВАЦИОН ТАЪЛИМ МУҲИТИНИНГ ЎРНИ


**Ҳ.М.Бердиева** - *педагогика фанлари номзоди*

*Сурхондарё вилоят ХТХҚТМОҲМ*



**Таянч сўзлар**: ўқитувчи, таълим, тарбия, метод, тизим, касб, касбий маҳорат, компетентлик, инновацион муҳит, қайта тайёрлаш, лойиҳалаш.

**Ключевые слова**: педагог, образование, обучение, метод, система, профессия, профессионализм, компетентность, инновационная среда, переподготовка, дизайн.

**Key words**: teacher, education, training, method, system, profession, professionalism, competence, innovative environment, retraining, design.


Бугунги кунда модернизация жараёнлари ижтимоий ҳаётнинг барча жабҳаларини қамраб олган. Жумладан, таълим соҳасини ривожлантириш, биринчи навбатда, ушбу жараённи ташкил этувчи, бошқарувчи, назорат қилувчи ўқитувчиларнинг дунёқараши ва тафаккуридаги ўзгаришларга бевосита боғлиқ.

Узлуксиз таълим тизимида таълим-тарбия жараёнини ривожлантириш, такомиллаштириш эҳтиёжи билан бу жараённи амалга оширувчи ўқитувчиларнинг тайёргарлик даражасининг талаб даражасида эмаслиги ўртасидаги позитив (ижобий) зиддиятлар натижасида педагогикада "инновация", "инновацион фаолият", "инноватор", "инновацион педагогика", "таълимда инновацион жараёнларни бошқариш" каби тушунчалар XX асрнинг 60-йилларида дастлаб АҚШ ва Ғарбий Европа мамлакатларида "Таълим технологияси" тушунчаси эътироф этилган вақтда пайдо бўлди. И.Шумпатер ва Н.Кондратевлар "инновация" тушунчасининг илк ва улкан назариячиларидан ҳисоблансалар, К.Ангеловский, В.А.Сластёнин ва бошқалар ўз илмий тадқиқотларида инновацион фаолият педагогик фаолиятнинг алоҳида шакли эканлигини исботлашга ҳаракат қилдилар ҳамда бу борада муайян натижаларга эришган олимлар деб тан олиндилар.

В.А.Сластёнин фикрича, инновация мақсадга қаратилган ўзгариш бўлиб, қўлланиш соҳасидаги тизимни бир ҳолатдан сифат жиҳатдан янги ҳолатга ўтказиш, уни тубдан такомиллаштиришни, инновацион жараён-янгиликни яратиш, ўзгартириш, қўллаш ва тарқатишдаги комплекс фаолиятни англатади.

Инновацион соҳа – бу фаолият бўлиб ўз ичига инновацияларни яратиш ва уларни амалиётга татбиқ этувчи фаолиятдир. Шу нуқтаи назардан олиб қараганда таълим соҳаси ҳам ҳозирги кунда инновацион соҳа сифатида фаолият олиб бормоқда.

Бугунги кунда таълим соҳасида мавжуд назарий ва амалий жиҳатдан кенг жорий этилиб келаётган илғор таълим технологиялари ўқитувчиларда инновацион ёндашувни қарор топтиришни таъкидлаган ҳолда, уни мураккаб жараён сифатида бир неча босқичга ажратиш мумкин.

Биринчи бочқич – тайёр услубий тавсиянома (мавжуд инновация)лардан фойдаланиш;

Иккинчи босқич – мавжуд тизимга янги ғояларни, методларни киритиш;

Учинчи босқич – янги ғояни амалга ошириш мазмуни, усули, методи, воситаси, принциплари ва ташкилий шаклларини тизимлаштириш;

Тўртинчи босқич – ўқитувчи томонидан ўқувчиларни ўқитиш ва тарбиялашга оид ўз қараши ёки методикасини ишлаб чиқиш;

Бешинчи босқич – юқоридагилар асосида таълим жараёнини ташкил этиш, бошқариш ва назорат қилишдан иборат.

Юқоридаги босқичлар асосида ўқувчи томонидан маълум бир мавзу ёки технология тўлиқ ўзлаштирилади, уларда назарий ва амалий кўникмалар шакллани-